



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 1/9/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**11YÈM PWOPOZISYON AJANDA 2016 GOUVÈNÈ CUOMO: REVITALIZE ENFRASTRIKTI UPSTATE POU STIMILE EKONOMI AK MODÈNIZE BYEN REJYON AN**

***Gouvènè a anonse konpetisyon \$200 milyon pou revitalize ayewopò upstate yo; 74 ayewopò kalifye pou fè konpetisyon pou finansman***

***Gouvènè a demare rekonsepsyon fondamantal teren fwa Eta avèk enplozyon nan grandstand***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te devwale 11yèm pwopozisyon ajanda 2016 li a– yon konpetisyon \$200 milyon pou revitalize ayewopò Upstate yo. Pwopozisyon an fèt pou amelyore ayewopò yo toupatou nan Upstate New York, ak pwomote nouvo opòtinite pou devlopman ekonomik rejyonal ak patenarya ant sektè piblik ak prive a.

Gouvènè a te demare tou kòmansman renovasyon ki pral transfòme teren fwa Eta New York an yon premye etablisman, a plizyè itilizasyon. Gouvènè a te make kòmansman pwojè renovasyon istorik avèk enplozyon grandstand jodia. Plan renovasyon an ap transfòme teren fwa an yon etablisman pandan tout ane a ki pral atire menm plis aktivite ansanm avèk vizitè yo nan peyi a. Pwojè a prevwa pou l fini nan mwa out 2018.

“Enfrastrikti a se fondasyon ekonomi nou an– e ane sa nou pral bati ak rebati pou lavni,” **te deklare Gouvènè Cuomo.** “Apati investisman nan ayewopò nou yo pou rebati Fwa Eta a, nap panse gran epi fè gwo efò toupatou nan Upstate New York. Sa se osijè pou stimile ekonomi an, kreye travay toupatou nan kominote avwazinan yo, epi fè Upstate New York vin pi fò ak pi konpetitif pase anvan, e map rete tann pou m wè travay la kontinye nan 2016.”

**Lanse Konpetisyon \$200 Milyon pou revitalize Ayewopò Upstate yo**

Bati sou konpetisyon reyisi konsepsyon ayewopò entènasyonal pou transfòme ak modènize ayewopò LaGuardia ak JFK pou 21yèm syèk la, Gouvènè a ap bay \$200 milyon dola pou yon Konpetisyon Revitalizasyon ak Devlopman Ekonomik Upstate pou akselere investisman nan ayewopò komèsyal pasaje ak ayewopò sèvis kago, kreye plizyè milye travay ki peye byen ak pwomote plis devlopman ekonomik nan upstate.

Konpetisyon sa gen entansyon pou favorize plan devlopman inovan, konplè ki prale delavan. Eta ap akòde a senk ayewopò apeprè \$40 milyon chak. Sibvansyon ap finanse pwojè yo kap amelyore sekirite, amelyore operasyon ak aksè, redwi enpak

anviwonman, epi kreye pi bon eksperyans pasaje. Konpetisyon an ap chèche pwopozisyon ki pi solid, sa ki pral kreye travay, entegre dirabilite teknik konstriksyon “vè”, itilize enèji renouvlab, demontre sipò konpayi ayeryen yo ak kominote a, ogmante investisman prive, epi demontre efikasite pri yo.

Ayewopò piblik ki kalifye pou konpetisyon an gen ladan:

<b><u>Non Etablisman</u></b>	<b><u>Konte</u></b>
ADIRONDACK REGIONAL AIRPORT	FRANKLIN
AKRON AIRPORT	ERIE
ALBANY INTERNATIONAL AIRPORT	ALBANY
ARGYLE AIRPORT	WASHINGTON
BUFFALO AIRFIELD	ERIE
BUFFALO NIAGARA INTERNATIONAL AIRPORT	ERIE
BUFFALO-LANCASTER REGIONAL AIRPORT	ERIE
CAMILLUS AIRPORT	ONONDAGA
CANANDAIGUA AIRPORT	ONTARIO
CATTARAUGUS CO-OLEAN AIRPORT	CATTARAUGUS
CHAUTAUQUA CO/ DUNKIRK AIRPORT	CHAUTAUQUA
CHAUTAUQUA CO/JAMESTOWN AIRPORT	CHAUTAUQUA
COLUMBIA COUNTY AIRPORT	COLUMBIA
COOPERSTOWN-WESTVILLE AIRPORT	OTSEGO
CORNING-PAINTED POST AIRPORT	STEUBEN
CORTLAND CO-CHASE FIELD AIRPORT	CORTLAND
DANVILLE MUNICIPAL Airport	LIVINGSTON
DUTCHESS COUNTY AIRPORT	DUTCHESS
ELMIRA CORNING REGIONAL AIRPORT	CHEMUNG
FINGER LAKES REGIONAL AIRPORT	SENECA
FLOYD BENNETT MEMORIAL AIRPORT	WARREN
FRANKFORT- HIGHLAND AIRPORT	HERKIMER
FREEHOLD AIRPORT	GREENE
FULTON COUNTY AIRPORT	FULTON
GENESEE COUNTY AIRPORT	GENESEE, NY.
GRANVILLE AIRPORT	WASHINGTON

GREAT VALLEY AIRPORT	CATTARAUGUS
GREATER BINGHAMTON AIRPORT	BROOME
GREATER ROCHESTER INT'L AIRPORT	MONROE
GRIFFISS INTERNATIONAL AIRPORT	ONEIDA
HAMBURG INC	ERIE
HAMILTON MUNICIPAL AIRPORT	MADISON
HORNELL MUNICIPAL AIRPORT	STEUBEN
ITHACA TOMPKINS REGIONAL AIRPORT	TOMPKINS
JOSEPH Y RESNICK AIRPORT	ULSTER
KINGSTON-ULSTER AIRPORT	ULSTER
LAKE PLACID AIRPORT	ESSEX
LE ROY AIRPORT	GENESEE
LEDGEDALE AIRPARK	MONROE
LT WARREN E EATON AIRPORT/CHENANGO CO	CHENANGO
MALONE-DUFORT AIRPORT	FRANKLIN
MASSENA INT'L - RICHARDS FIELD	ST LAWRENCE
NIAGARA FALLS INT'L AIRPORT	NIAGARA
NO BUFFALO SUBURBAN AIRPORT	NIAGARA
OGDENSBURG INT'L AIRPORT	ST LAWRENCE
ONEONTA MUNICIPAL AIRPORT	OTSEGO
ORANGE COUNTY AIRPORT	ORANGE
OSWEGO COUNTY AIRPORT	OSWEGO
PENN YAN-YATES COUNTY AIRPORT	YATES
PERRY-WARSAW AIRPORT	WYOMING
PINE HILL AIRPORT	ORLEANS
PISECO AIRPORT	HAMILTON
PLATTSBURGH INT'L AIRPORT	CLINTON
POTSDAM MUNICIPAL/DAMON FIELD	ST LAWRENCE
RANDALL AIRPORT	ORANGE
ROYALTON AIRPORT	NIAGARA
SARATOGA COUNTY AIRPORT	SARATOGA
SCHENECTADY COUNTY AIRPORT	SCHENECTADY
SCHROON LAKE AIRPORT	ESSEX
SIDNEY MUNICIPAL AIRPORT	DELAWARE

SKANEATELES AERO DROME	ONONDAGA
SKY ACRES AIRPORT	DUTCHESS
SOUTH ALBANY AIRPORT	ALBANY
SULLIVAN CO INT'L AIRPORT	SULLIVAN
SYRACUSE HANCOCK INT'L AIRPORT	ONONDAGA
TICONDEROGA MUNICIPAL AIRPORT	ESSEX
TRI-CITIES AIRPORT	BROOME
WARWICK MUNICIPAL AIRPORT	ORANGE
WATERTOWN INT'L AIRPORT	JEFFERSON
WELLSVILLE MUNICIPAL AIRPORT	ALLEGANY
WESTCHESTER COUNTY AIRPORT	WESTCHESTER
WHITFORD'S AIRPORT	CAYUGA
WILLIAMSON-SODUS AIRPORT	WAYNE
WURTSBORO-SULLIVAN CO AIRPORT	SULLIVAN

### **Demare renovayson Fwa Eta**

Pandan preske yon syèk, teren Fwa Eta New York te rete esansyèlman menm jan. Yo pat fè gwo renovayon e envestisman se te pou renovasyon debaz tankou reparasyon sistèm twati, sistèm elektrik, santral dlo ak egou ak wout yo. Aktyèlman manke zòn vè, ensfrazstrikti pou dlo siklòn ak sistèm koleksyon dlo lapli koze gwo inondasyon pandan lapli.

Mwa septanm ane pase, Gouvènè a te devwale [yon rekonsepsyon rapid nan konplèks teren Fwa Eta New York](#) ki gen ladan yon nouvo sant ekspozisyon a plizyè itilizasyon avèk 110,000 pye kare espas fleksib, yon platfòm festival elaji pou òganize gwo konsè, yon Midway pou akomode plis atraksyon ak yon sit-400 RV Park, ansanm avèk diferan amelyorasyon pakin ak sekirite pyeton. Bidjè 2015-2016 la te gen ladan \$50 milyon pou renovasyon Teren Fwa Eta.

Apa de enplozyon grandstand, demolisyon an gen ladan pis kous ki egziste deja, baryè nan antre prensipal, ak diferan lòt ti strikti ki egziste deja anvan konstriksyon etablisman pou jesyon dlo lapli nan kad premye faz rekonsepsyon an. Pwojè adisyonèl gen ladan rekonstriksyon konplè ak rekonfigirasyon Midway nan 18 kawotè, nouvo RV Park, ak nouvo antre baryè prensipal la ki aktyèlman sòti nan òf avèk travay ki prevwa pou kòmanse nan prentan 2016. Wap jwenn yon albòm sou pwojè a disponib [la](#).

**Komisyone Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York Richard A. Ball te deklare,** “Sa se yon tan enteresan pou Eta New York ak pou Gwo Fwa Eta New York. Teren Fwa vle di anpil pou moun New York, e pandan nap pran yon moman pou montre istwa Grandstand ansanm avèk lòt eleman Fwa a kòm nou konnen yo jodia, nap rete tann nan lavni ak plan Gouvènè a ki pral pote Fwa Eta nan nouvo potansyèl li. Rekonsepsyon an ap ede etablisman an pi byen angaje kominote a ansanm avèk vizitè

yo toupatou nan peyi a, epi asire avni l kòm premye espas agri-touris nan New York.”

**Komisyone Biwo Sèvis Jeneral Eta New York RoAnn Destito te deklare,** “Gwo Fwa Eta New York te yon destinasyon pou fanmi ak touris yo pou plizyè jenerasyon. Angajman Gouvènè Cuomo pou relanse eksperyans ak anviwonamn nan bèl lokal sa ap ede asikre ke Fwa ap kontinye enterese vizitè yo pou ane kap vini yo.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418